





TITIKANE UKARA

| PAWARTA | PITAKON | PAKON |
|--|---|--|
| 1. Diwenehi tanda titik | 1. Diwenehi tanda tanya | 1. Diwenehi tanda seru |
| 2. | 2. Ngunakake kata tanya (Sapa, pira, kapan, ngendi, ganeya, kenapa) | 2. Biasane arupa kongkonan |
| Tuladha : <ul style="list-style-type: none"> - Bapak ngaos koran - Si Mbah ngunjuk kopi | Tuladha : <ul style="list-style-type: none"> - Ganeya kowe ora melbu sekolah? - Sapa jenengmu? | Tuladha : <ul style="list-style-type: none"> - Ayo, padha sinau! - Tulung, jupukno bukuku dhik! |

POLA J - W - L - K

| | |
|----------------|---|
| JEJER (J) | : Wong sing nindakake penggawean |
| WASESA (W) | : Penggawean (Tembung Kriya) |
| LESAN (L) | : Wong / barang sing kena penggawean |
| KETERANGAN (K) | : Ana lara, yaiku keterangan panggonan ambek keterangan waktu. Keterangan panggonan nerangno tempat, keterangan waktu nerangno waktu. |

SOAL

1. Bapak saben isuk ngaos koran
2. Dek wingi si Mbah rawuh saka Jakarta
3. Mbak Ani tuku kelambi menyang pasar turi
4. Saben isuk ibu nggoreng sega
5. Dina minggu sesuk aku lan bapak lunga menyang Kediri

JENISE TEMBUNG



- a. Tembung Aran: yaiku jenenge samubarang kang maujud lan ora maujud.
Tuladha: buku, kepinteran, pikiran, agama, lsp
- b. Tembung kriya: yaiku tembung kang mratelakake solah bawa utawa pagawean.
Tuladha: disaponi, nutuk, nyamber, lsp
- c. Tembung kahanan : yaiku tembung kang mratelakake kahanan utawa sifat samubarang.
Tuladha: sugih, turu, sabar
- d. Tembung sesulih : yaiku tembung kang dadi sesulih utawa gantine samubarang.
Tuladha: aku, kowe, deweke, sapa, pira, kana, kene, iki, iku, lsp
- e. Tembung wilangan: tembung kang mratelakake panggonan.
Tuladha: ing, marang, saka, lsp
- f. Tembung panggenah/ tetenger: yaiku tembung kang nyandhangi barang kang wes genah ana.
Tuladha: Si, Raden, Kanjeng, lsp
- g. Tembung katrangan: yaiku tembung kang nerangake tembung kriya utawa kahanan.
Tuladha: banter, mesti, durung, wingi, lsp
- h. Tembung pangiket: tembung kang ngiket utawa nggandengake tembung siji lan sijine.
Tuladha: lan, sarta, utawa, dene, sebab, lsp
- i. Tembung panguwuh: yaiku tembung kang mratelakake panguwuh utawa sambat.
Tuladha: aduh, tobat-tobat, wah, lo, lah, hmmm